

## 8 BON JAN POU DEPANSE MWENS KÒB NAN GAZ

- 1. Sèvi ak Bon Nimewo Gaz-la/ Pa Kite Gaz-la Debòde:**  
Pifò machin woule byen ak gaz "regular" la. Gade liv machin ou an pou wè degre gaz manifaktirè a rekòmande. Pa kite gaz la debòde (plen ra bouch) lè ou nan ponp lan epi sonje fenmen tank ou byen sere.
- 2. Plizyè moun kapab sikile nan menm machin, sèvi ak Transpò Piblik oswa pa sèvi ak machin ditou:**  
Monte nan bis, pran Tri Rail, monte nan machin ak lòt moun, monte bisiklèt, oswa mache olye pou ou kondwi poukont ou. Lè ou menm ak yon zanmi sèvi ak menm machin nan pou n' al travay olye pou nou roule de machin diferan, sa double ekonomi gaz ou pou wout la epi sa pèmèt ou sèvi ak liy HOV-a.
- 3. Pa Kondi Tankou yon Moun Fou Epi Tou Suiv Règleman:**  
Pa kondwi twò vit. Mileyaj yon machin desann rapid lè machin nan depase 60 mph. Chak 5 mph anplis ou kondwi lè ou depase 60 mph fè w peye yon \$0.10 anplis pa galon gaz.
- 4. Pa Limen È Kondisyon a Twòp/Fenmen Fenèt yo:**  
Lè ou sèvi ak è kondisyon a kòb ou depanse pou gazolin nan ogmante de 13 pousan (13%). Si li fè fre ase sèvi ak vantilasyon an (mete vantilatè a) olye pou desann fenèt yo.
- 5. Elimine Rezistans Van ak Pwa Anplis:**  
Lè ou mete twòp chaj sou tèt machin ou sa fè w depanse plis gaz. Eseye mete chaj ou yo anndan machin nan pito (nan kòf la ou nan plas vid ki dèyè machin nan). Si ou retire tout bagay sa yo nèt li pi bon toujou.
- 6. Etenn Motè a lè Machin Nan Kanpe:**  
Sèjousi, yo fè machin yo yon jan pou yo chofe rapid. Si ou kanpe w ap rete tann yon moun pa ekzanp etenn motè machin nan. Sa enkli tann nan liy machin restoran (drive thru lanes) epi ret tann timoun ou yo nan machin lè y ap soti lekòl. Tout sa pou ede w ekonomize gaz.
- 7. Pase Men nan Machin nan Kòm sadwa:**  
Lè ou fè sèvis regilye nan machin ou jan liv machin nan rekòmande l sa pèmèt ou ekonomize gaz. Si ou neglije bagay enpòtan tankou yon filtè ki sal oswa kawòtchou ki pa gen ase van sa gen dwa fè lajan ou depanse pou gaz la monte trèz pousan (13%).
- 8. Kondi oswa Achte yon Machin ki Fè w' Fè Ekonomi Gaz:**  
Kondwi machin ki fè w' fè ekonomi gaz la depi w kapab. Lè w ap achte yon machin pran sa ki boule mwens gaz la. Meyè opsyon an se achte machin ki boule mwens gaz nan kategori machin ki enterese w la. Fè rechèch sou ekonomi gaz plizyè machin anvan w achte!



## FÈ ENTERESAN:

- Koumanse Janvyè 2006, Konte Broward gen 77 machin flòt ki sèvi ak Gaz Natirèl Konprese (CNG), 13 machin ki sèvi ak pwopàn, epi 14 HEV, pou yon total 104 machin ki ranplase machin toulejou yo; teknoloji machin sa yo trè avanse. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.broward.org/energy](http://www.broward.org/energy).
- Lè ou pake nan lonbraj, sa ede ni bous-ou ni kalite lè w ap respire a. Chalè fè vapè ki sòt nan twou gaz la pase nan lè a menm lè machin nan pa p mache. Lonbraj fè tanperati tank gaz yo bese de sèt degre (7°) – sa ase pou fè emisyon yo desann apeprè de pousan (2%).  
*Sous: University of California, Davis*
- Mete gaz nan machin ou aprèmidi. Lè lè a pi fre gen mwens vapè lè w ap fè gaz epi vapè ki chape yo pa p koze domaj nan ozòn nan.
- Si ou gen komisyon pou fè, fè yo youn apre lòt. Lè ou estat yon machin ki cho deja gen senk fwa mwens polasyon pase si machin nan ret kanpe pou plis pase inèdtan.
- Yon machin ki pa fè sèvis gen dwa degaje 100 fwa plis emisyon pase yon machin yo byen okipe. Toujou chanje lwil nan machin ou epi fè sèvis regilye.



## Yon Gid sou Zafè Gaz Pwòp ak Ekonomi Gaz



**SA KI KAPAB FÈ PRI GAZ DESANN**

Board of County Commissioners  
[Komisè ki nan Pwovens Broward]



Pollution Prevention, Remediation  
and Air Quality Division  
1 N. University Drive, Suite 203  
Plantation, FL 33324  
954-519-1260

[www.broward.org/pollutionprevention](http://www.broward.org/pollutionprevention)

Dokiman sa a te pibliye ak yon pri de \$0.000.00,  
swa \$0.000 pou chak kòpi, pou enfòmasyon piblik  
la sou lòt altènatif pou gaz.

(Rev. 6/11) PP201146247

Dokiman sa a te prente sou papye ki kapab  
resikle Yon Gid sou Zafè Gaz Pwòp ak Ekonomi Gaz



Pollution Prevention, Remediation and Air Quality Division

## KI SA KI KAPAB RANPLASE GAZ NOU SÈVI AVÈK YO A?

**G**az pou machin nou pi konnen Ozetazini se gazolin ak dyezèl men gen lòt sous enèji ki kapab fè machin mache. Lòt gaz sa yo se gaz pwòp ki gen dwa ranplase gazolin ak dyezèl epi kreye mwens polisyon nan lè a.

Lòt gaz sa yo, tankou metanòl, etanòl, gaz natirèl konprese, gaz petwoleyòm likid, pwopàn, ak elektrisite pwodwi mwens emisyon pase gazolin ak dyezèl nou sèvi avèk yo a.



## POU KISA POU NOU TA RANPLASE GAZ NOU SÈVI AVÈK YO A?

**P**opilasyon Sid Florid la ogmante chak ane. Nou gen plis machin pase sa nou te genyen anvan donk nou gen plis sous polisyon. Emisyon ki soti nan machin ak kamyon ki sou wout yo – pifò ladan yo se idwokabòn oksid nitwojèn ak monoksid kabòn – responsab apeprè senkant pousan (50%) polisyon lè nou an. Machin nou woule jodi a degaje yon seri eleman ki lakòz fòmasyon ozòn nan lè n ap respire a poutèt yon reyaksyon chimik ant reyon solèy yo ak polyan lè a. Ozòn se yon polyan ki bay anpil enkyetid nan Konte Broward la. Nan sèten kondisyon tankou lè tanperati a wo anpil epi solèy la byen cho gen fòmasyon ozòn sa yo rele esmòg la. Ozòn ki nan lè n ap respire a lakòz pwoblèm respiratwa sitou opresyon.



**L**òt gaz yo gen pwopriyete ki fè yo pi pwòp pase gazolin konvansyonèl la. An jeneral gaz sa yo degaje mwens idwokabòn donk yo bay mwens lafimen. Emisyon ki soti nan machin ki sèvi ak elektrisite gaz natirèl oswa alkòl gen dwa redui idwokabòn ki responsab fòmasyon ozòn nan de 90 pousan (90%) an konparezon avèk machin ki mache ak gazolin konvansyonèl la.

Lè nou sèvi ak lòt kalite gaz sa gen dwa ralanti akimilasyon kabòn diyoksid nan atmosfè a, kabòn diyoksid la se yon gaz ki lakòz ogmantasyon chalè sou planèt la (Global Warming). Apa yon bi bon kalite lè pou nou respire gaz pwòp yo ba nou lòt avantaj toujou. Nouvo gaz sa yo ki sou mache a bay konsomatè a plis chwa epi yo kapab redui depandans nou pou gaz enpòte.

Gen nouvo gaz ki pa disponib pou piblik la men gen flòt prive ak piblik ki gen tan ap sèvi avèk yo. Leta sibvansyone flòt prive ak piblik nan domèn enfrastrikti ak lajan ki depanse pou nouvo gaz sa yo.

GAZ ALTÈNATIF	AVANTAJ
<b>ETANÒL</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Emisyon trè ba idwokabòn ak vapè toksik ki lakòz fòmasyon ozòn</li> <li>Fèt abaz mayi bwa oswa dechè papyè</li> <li>Yo kapab kreye li nan peyi a</li> </ul>
<b>METANÒL</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Emisyon trè ba idwokabòn ak vapè toksik ki lakòz fòmasyon ozòn</li> <li>Gen dwa fèt abaz yon varyete matyè debaz, gaz natirèl, chabon, ak bwa</li> </ul>
<b>GAZ NATIRÈL</b> CNG – Gaz Natirèl Konprese LNG – Gaz Natirèl Likid	<ul style="list-style-type: none"> <li>Emisyon trè ba (80% pi ba) idwokabòn, monoksid kabòn ak vapè toksik ki lakòz fòmasyon ozòn</li> <li>Yo kapab kreye li nan peyi a</li> <li>Trè bon pou flòt ak bis</li> </ul>
<b>PWOPÀN</b> Gaz Petwoleyòm Likid	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pi bon mache pase gazolin</li> <li>Gaz pwòp ki pi disponib sou mache a</li> <li>Mwens emisyon idwokabòn ki lakòz fòmasyon ozòn</li> <li>Twazyèm pozisyon nan gaz moun sèvi avèk yo pi souvan Ozetazini</li> </ul>
<b>ELEKTRISITE</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Gen potansyèl pou pa gen emisyon ditou</li> <li>Gen dwa chaje leswa lè yo pa sèvi avèk li</li> </ul>
<b>GAZOLIN REFÒMILE</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Tout machin gen dwa sèvi avèk li</li> <li>Degaje mwens idwokabòn, oksid nitwojèn, monoksid kabòn, ak vapè toksik pase gazolin konvansyonèl</li> </ul>
<b>BIYODYEZÈL</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Gen dwa fèt abaz sous ki renouvlab tankou lwil soja, kanola ak flè solèy</li> <li>Yo gen dwa sèvi avèk li pi oswa melanje l ak petwoyezèl (fòm pi komen an se B20 – 20% biyodyezèl epi 80% petwoyezèl)</li> <li>Redui emisyon monoksid kabòn, idwokabòn ak silfat.</li> <li>Li biyodegradab epi li pa toksik</li> </ul>
<b>SELIL GAZ</b> Idwojèn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li sèvi ak enèji chimik idwojèn ak oksijèn pou bay enèji</li> <li>Pa kreye gaz ki lakòz polisyon (sèlman dlo ak chalè)</li> <li>Fè enpòtasyon gaz la desann.</li> </ul>

Sous: Ajans Pwoteksyon Anviwònman Nan Etazini

## MACHIN IBRID

# KISA

Machin ibrid gen yon motè ki mache ak gazolin epi yon batri ki mache ak elektrisite. Ou pa janm gen pou plige yo paske yo sèvi ak pwòp enèji pa yo pou rechaje batri mote a lè y ap mache.

# POU KISA

Machin ibrid gen pi bon milyaj gaz pase machin ki gen motè konvansyonèl ki mache ak gaz. Yo redui polisyon lè a paske yo redui emisyon vapè ki lakòz fòmasyon ozòn.

# KI KOTE

Machin ibrid yo deplizanpli popilè; ou kapab jwenn youn jodi a menm.

## ZOUTI KALKILASYON POU SA YON MACHIN ELEKTRIK IBRID KOUTE

**Z**outi kalkilasyon pou gade sa yon Machin Elektrik Ibrid (HEV) koute a pèmèt moun ki gen machin evalye lajan y ap depanse ak avantaj ap genyen lè yo sèvi ak yon machin ibrid an konparezon ak yon machin konvansyonèl. Flòt yo gen dwa sèvi ak zouti sa a tou pou detèmine kou ak avantaj yon flòt HEV pa rapò ak yon flòt machin konvansyonèl. Zouti sa a evalye ni kou kapital ni kou operatwa yo pou yon itilizasyon avi epi tou li konpare emisyon gaz ki lakòz polisyon. Yo bay enfòmasyon pou chak machin pou chak ane epi pou chak mil. Vizite [www.eere.energy.gov/cleancities/hev/cost\\_calc.html](http://www.eere.energy.gov/cleancities/hev/cost_calc.html) pou sèvi ak Zouti Kalkilasyon Kou HEV a.

## SANT IBRID

**V**izite [www.hybridcenter.org](http://www.hybridcenter.org) pou jwenn enfòmasyon teknik ak enfòmasyon ki enpòtan epi itil pou konsomatè a sou zafè machin ibrid. Ale nan seksyon Gid Pou Achète a (Buyer's Guide) pou seleksyone kalite machin HEV ki ta enterese w la, jwenn yon gid pou konsomatè kote ou kapab pèsonalize epi dekouvri rezon ki ta pouse w achete yon HEV epi resevwa konsèy pou lè w rive kay dilè a. Ou menm gen dwa jwenn yon dyagram konparezon pou kapab wè ki ibrid ki pi bon pou ou.

## EKONOMI GAZ

**V**izite [www.fueleconomy.gov](http://www.fueleconomy.gov) pou enfòmasyon sou milyaj gaz, emisyon gaz ki kòze polisyon nan lè a ak enfòmasyon sou sekirite pou machin ak kamyon nèf oswa dezyèm men.